Sektè prinsipal ki devan chèk WIC yo:

1. **Dat Premye Jou Pou Utilize.** Ou pa kapab itilize chèk WIC la avan dat sa.

2. **Dat Dènye Jou Pou Itilize.** Ou pa kapab itilize chèk WIC la aprè dat sa.

3. **Kantite ak Tip Manje Ou Ka Achte.** Kliyan WIC pa kapab, chanjé manjé oubyen fòmila ki nan lis ki ekri devan chèk la.

4. **Bwat Peye Egzakteman.** Kesyé pr'al ekri montan egzak pou manje WIC yo. Kesye fèt pou li pran siyati de moun ki otorize an aprè ke ti bwat "peye egzakteman" te finn ranpli.

5. **Non patisipan WIC.** Moun ke WIC Preskri manje yo. Nan anpil ka, ka genyen yon non diferan ke moun ki otorize pou siyen chèk WIC la.

6. **Siyati Otorize.** Moun k'ap siyen devan chèk WIC la fèt pou li genyen menm siyati ak authorized representative, co-caretaker, ou proxi ki montre devan Kat Idantifikasyon (ID) WIC la. Labank la pa'p peye chèk WIC san yon siyati otorize.

7. **Timb Founisè WIC yo.** Magazin WIC fèt pou mete timb de founisè WIC la avan ke yo depoze chèk. Labank p'ap peye yon chèk WIC san nimewo timb de founisè an.

Kliyan WIC kapab achte manje pou sèlman montan ak kantité ki ekri devan chèk WIC yo an. Men yon egzamp de devan yon chèk WIC.



Itilize Chèk WIC yo tankou lajan—nou pa kapab ranplase Chèk WIC ki pèdi oubyen ke yo volè.